


# Sekirite nan chofaj

Se yon bèl bagay lè yon moun chita alèz pou li yon bon liv toupre chemine an pandan mwa livè yo. Men èske ou konnen ekipman chofaj se youn nan kòz prensipal lanmò lè dife pran nan kay? Avèk kèk ti konsèy senp sou sekirite ak prekosyon ou kapab evite pifò dife chofaj.

## CHOFE KÒ OU EPI PWOTEJE TÈT OU POU LIVÈ SA A!


- » Mete nenpòt sa ki kapab boule sou yon distans omwen twa (3) pye avèk ekipman chofaj la, tankou founo, chemine, fou bwa, oswa aparèy chofaj pòtatif.
- » Kreye yon "zòn pou timoun pa pwoche" sou yon distans twa (3) pye toutotou dife ki limen ak aparèy chofaj yo.
- » Pa janm itilize fou ou pou chofe kay ou.
- » Fè yon pwofesyonèl kalifye enstale ekipman chofaj fiks nan espas, aparèy pou chofe dlo oswa ekipman chofaj santral dapre kòd lokal ak enstwiksyon fabrikan an.
- » Fè yon pwofesyonèl kalifye netwaye ak enspekte ekipman chofaj yo ak chemine yo chak ane.
- » Sonje pou etenn aparèy chofaj pòtatif yo lè w ap kite chanm ou oswa lè ou pral kouche.
- » Toujou itilize bon kalite gaz, sa fabrikan an endike a, pou aparèy chofaj ki boule gaz.
- » Asire w chemine an gen yon griy solid pou bloke etensèl k ap vole nan chanm nan. Ou ta dwe kite sann yo refwadi anvan ou mete yo nan yon resipyan metal. Mete resipyan an sou yon distans sekirite avèk kay ou.
- » Teste detektè lafimen yo chak mwa.



## Konesans nan zafè ekipman chofaj

**Enstale** fou ki boule bwa yo dapre enstwiksyon fabrikan an oswa mande yon pwofesyonèl fè enstalasyon an. Tout ekipman ki boule gaz ta dwe kanalize sou deyò pou evite anpwazonman avèk monoksid kabòn (carbon monoxide, CO).

**Enstale** epi antreteni detektè CO pou evite risk pou anpwazonnen avèk CO. Si ou **pran sant** gaz nan aparèy chofaj ou ki boule gaz, pa limen aparèy menaje a. Kite kay la tousuit epi rele depatman ponpye lokal ou oswa konpayi gaz la.



## PWEN ENPOTAN

Yo rapòte mwatye dife ki pran nan kay akòz chofaj nan mwa desanm, janvyè, ak fevriye.



Sous enfòmasyon pou **SEKIRITE** ou

Divizyon Edikasyon Piblik NFPA • 1 Batterymarch Park, Quincy, MA 02169

[www.nfpa.org/education](http://www.nfpa.org/education)